

Nimewo 5.2

D E K R È E G Z E K I T I F

Kontinyasyon Sispansyon Tanporè ak Modifikasyon nan Lwa ki Gen Rapò ak Ijans nan Sitiyasyon Katastwòf nan Konte Bronx, Kings, New York, Richmond ak Queens Akòz Kondisyon yo nan Sant Koreksyonèl Rikers Island

KONSIDERE KE, Sant Koreksyonèl Rikers Island lan te fè fas ak gwo mank pèsonèl nan dènye mwa yo epi sa ta dwe kontinye;

KONSIDERE KE, kondisyon nan sant yo ta dwe kontinye kreye yon anviwònman ki danjere, menase lavi pou prizonye yo ak pèsonèl la;

KONSIDERE KE, yon monitè federal ki te nonmen pou sipèvize Sant Koreksyonèl la te rapòt yon "nivo dezòd ak konfizyon jeneral", nan etablisman yo nan Onzyèm Rapò Monitè Endepandan *Nunez* la;

KONSIDERE KE, te gen yon kantite lanmò prizonye ki ogmante nan Rikers Island ane sa a;

KONSIDERE KE, gen yon nesesite pou facilite itilizasyon konparisyon vityèl nan tribunal pou akselere pwosedi yo ak re-afekte pèsonèl depatman koreksyon yo nan transpò ak pwodiksyon akize yo pou sipèvizon ak sekrite lojman;

KIDONK KOUNYE A, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfyé mwen, avèk dokiman sa a, mwen pwolonje eta dijans akoz katastwòf jan sa tabli nan Dekrè Egzekitif Nimewo 5 lan, epi mwen kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 5 lan, jan Dekrè Egzekitif 5.1 an te kontinye 1 la jiska 27 desanm 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany
nan vennsetyèm jou mwa novanm nan ane de
mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a